

ID kliyan an _____

Dat administrasyon: _____

STRÈS, TWOMATIS AK EKSPERYANS NAN ANFANS KI ADVÈS

KLIYAN AN ADMINISTRE L POUKONT LI

Lis verifikasyon pou strès pos-twomatik pou DSM-5 (PCL-5) [OCHWA]

Anba a w ap jwenn yon lis pwoblèm moun konn gen pafwa kòm reyaksyon a yon eksperyans ki stresan anpil. Tanpri li chak pwoblèm avèk anpil atansyon epi ansèkle youn nan chif adwat la pou endike nan ki degre pwoblèm sa a te deranje w nan mwa ki sot pase a.

Nan mwa ki sot pase a, nan ki degre sa te deranje w:	Pa ditou	Yon tikras	Lejèman	Anpil	Ekstrèmman
1. Ou gen souvni repete, twoublan ak endezirab de eksperyans stresan an?	0	1	2	3	4
2. Ou fè rèv repete, twoublan sou eksperyans ki stresan?	0	1	2	3	4
3. Toudenkou ou santi oswa ou aji tankou eksperyans stresan an t ap aktyèlman rive w ankò (kòm si ou retounen ap viv li ankò)?	0	1	2	3	4
4. Ou santi w kontrarye anpil lè yon bagay fè w sonje eksperyans stresan an?	0	1	2	3	4
5. Ou gen gwo reyaksyon fizik lè yon bagay fè w sonje eksperyans stresan an (pa egzanp, kè w ap bat fò, ou gen pwoblèm pou respire, w ap sye)?	0	1	2	3	4
6. Ou evite souvni, panse oswa santiman ki gen rapò ak eksperyans stresan an?	0	1	2	3	4
7. Ou evite rapèl ekstèn eksperyans stresan an (pa egzanp, moun, andwa, konvèsasyon, aktivite, bagay oswa sitiyasyon)?	0	1	2	3	4
8. Ou gen pwoblèm pou sonje kèk pati enpòtan nan eksperyans stresan an?	0	1	2	3	4

Original measure translated for EPINET by the EPINET National Data Coordinating Center.

Nan mwa ki sot pase a, nan ki degre sa te deranje w:	Pa ditou	Yon tikras	Lejèman	Anpil	Ekstrèmman
9. Ou gen kwayans negatif ki fò konsènan tèt ou, lòt moun, oswa lemonn (pa egzanp, ou gen panse tankou: mwen pa bon moun, gen yon bagay ki gravman pa mache avè m, mwen paka fè pèsòn konfyans, lemonn konplètman danjre)?	0	1	2	3	4
10. Ou blame tèt ou oubyen yon lòt moun pou eksperyans stresan an oswa sa k te rive aprè sa?	0	1	2	3	4
11. Ou gen santiman negatif ki fò tankou laperèz, terè, kòlè, kilpabilite oswa lawont?	0	1	2	3	4
12. Ou pèdi enterè nan kèk aktivite ou te konn renmen fè?	0	1	2	3	4
13. Ou santi w lwen oswa separe de lòt moun?	0	1	2	3	4
14. Ou gen pwoblèm pou gen santiman pozitif (pa egzanp, ou paka santi kontantman oswa genyen santiman afeksyon pou moun ki pwòch ou)?	0	1	2	3	4
15. Ou gen konpòtman iritab, eksplozyon kòlè oswa ou aji defason agresif?	0	1	2	3	4
16. Ou pran twòp risk ki ta ka koze w ditò?	0	1	2	3	4
17. Ou "sipè alèt" oswa ou toujou ap veye oswa ou sou pinga w?	0	1	2	3	4
18. Ou santi w ajite oswa ou pantan fasilman?	0	1	2	3	4
19. Ou gen difikilte pou konsantre?	0	1	2	3	4
20. Ou gen pwoblèm pou dòmi pran w oswa pou ret dòmi?	0	1	2	3	4

Original measure translated for EPINET by the EPINET National Data Coordinating Center.